# BASLAWISh KLASLARDA ANA TILI HÁM OQÍW SAWATLÍLÍǴÍ PÁNIN OQÍTÍWDA PAYDA BOLǴAN BILIM BOSLÍQLARÍN ANÍQLAW HÁM OLARDÍ SAPLASTÍRÍW JOLLARÍ

**A.Yu.Turumbetova** – *assistant oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** ta'lim-tarbiya jarayoni, boshlang'ich ta'lim nazariyasini yaratish masalasi, izlanuvchanlik, ona tilida gapiradi, fikrlaydi, chiroyli yozishga o'rgatish.

**Ключевые слова:** образовательный процесс, проблема создания теории начального обучения, любознательность, говорение и мышление на родном языке, обучение красивому письму.

**Key words:** educational process, the problem of creating a theory of primary education, curiosity, speaking and thinking in the native language, teaching beautiful writing.

**Kirisiw.** Jańa Ózbekstan bilimlendiriw sistemasında, ásirese baslawısh tálimde keń kólemli unamlı ózgerisler ámelge asırılmaqta. Búgingi kúnde tálim-tárbiya barısında tereń oylanıwǵa hám izleniwge tiykarlanǵan baslawısh tálim teoriyasın jaratıw máselesi eń áhmiyetli islerdiń biri bolıp qalmaqta. Baslawısh tálimniń ózgesheliginiń jáne bir kórinisi yaǵnıy balalar mektepke tálim alıw ushın hár túrli tayarlıq dárejesinde, túrli sociallıq tájiriybege iye bolǵan jaǵdayda, túrli psixologiyalıq hám fiziologiyalıq jaǵdaylarda kirip keledi. Oqıw kónlikpelerin qáliplestiriw boyınsha jumıslar tek ǵana kórkem ádebiyatqa baylanıslı oqıw sabaqlarında, al onıń rawajlanıwı menen tálim hám tárbiyanıń basqa basqıshlarında da baylanıslı bolıwı kerek. Baslawısh ulıwma tálimniń mámleketlik standartı engizilgennen keyin, onı klastan tısqarı jumıslarda dawam etiw múmkin.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey, baslawısh mektep oqıwshılarınıń sabaqtan tısqarı iskerligin shólkemlestiriwdiń túrli usılları bar. Klastan tısqarı islerdi shólkemlestiriwdiń dástúriy usılları awızsha oqıtıw usılları, vizual oqıtıw usılları, ámeliy oqıtıw usılları. Sabaqtan tısqarı shınıǵıwlarda kitap penen islew ushın isletiletuǵın usıllardı ajıratıp kórsetemiz. Siz awızsha usıllardan paydalanǵan halda kitap penen islew ushın sabaqtan tısqarı shınıǵıwlardı úyımlastırıwıńız múmkin. Olar sizge qısqa waqıt ishinde úlken kólemdegi maǵlıwmatlardı uzatıw, talabalar aldında máseleler tuwdırıw hám olardı sheshiw jolların kórsetiwge múmkinshilik beredi. Sóz járdeminde oqıtıwshı balalar sanasında ótken zaman, házirgi hám keleshektiń jaqtı súwretlerin oyatıwı múmkin. Sóz oqıwshılar dúnya sawlelendiriwin, yadın, tuyǵı-sezimlerin aktivlestiredi. Awızsha usıllar tómendegi túrlerge bólinedi: gúrriń, túsindiriw, sáwbet, tartıs, lekciya, kitap penen islew. Zamanagóy mektepte oqıw talqılawı ayırıqsha orında turadı. Onıń tiykarǵı maqseti talabalardıń bilim qızıǵıwshılıǵın xoshametlew, olardı belgili bir mashqala boyınsha hár qıylı ilimiy kózqaraslardı aktiv talqılawǵa tartıw, basqa birewdiń hám onıń poziciyasınıń argumentine hár qıylı jantasıwlardı túsiniwge shaqırıw bolıp tabıladı. Oqıw talqılawı tabıslı ótiwi ushın talabalardı mazmunlı hám rásmiy túrde aldınnan tayarlaw hám talqılap atırǵan másele boyınsha keminde eki keri pikirlerdiń bar ekenligi zárúr. Bul tayarlıq procesinde talabalar oqıw kónlikpelerin jaqsılaydi. Bilimsiz tartıs obyektiv, mánissiz hám uǵımsız bolıp qaladı hám pikirdi ańlatıw, qarsilaslardı isendiriw qábiletisiz – qızıqlıqtan juda,shálkesh hám keri [1].

**Ádebiyatlar analizi.** Metodist ilimpaz Q.Xusanbaevanıń aytıwınsha, «Baslawısh klasta balalardı óz betinshe pikirlewge úyretiw orta hám joqarı klaslarǵa qaraǵanda ózgeshe boladı. Bul jastaǵı balanıń turmıs tájiriybesi az hám ol juwmaq shıǵarıwdı bilmeydi. Ol kóbirek elikleydi. Baslawısh klass ana tili, oqıw, matematika, tábiyat sabaqlarında shólkemlestiriletuǵın óz betinshe jumıslar balalardıń jası hám intellektual imkaniyatları sheńberinde bolıp, olar juwmaq shıǵarıwǵa emes, pikir bildiriwge, múnásibet bildiriwge qaratılǵan bolıwı maqsetke muwapıq. Sol sebepli baslawısh klass muǵalliminiń wazıypası sabaqta máseleni durıs qoya biliw, oqıwshını qızıqtıra alıw, onıń sezimlerin qızıqtıra biliwden ibarat» [2].

Bizińshe, bala ele ózi kórmegen nárse hám hádiyselerge dus kelgende, tábiyiy túrde, oǵan qızıǵıp qaladı. Sol tiykarda biliwge umtıladı.

Abu Nasr Farabiydiń aytıwınsha, «Haqıyqatında da, adamlar zárúrlik arqalı ózleri zárúrlik sezgen jaǵdaylardı biliwge, ańlawǵa umtıladı. Zatlardı seziw, biliw ushın zárúrlik tuwılmay turıp, bilim qayırlı bolmaydı. Jáne bilim sapasınıń dárejesi, zárúr dárejesinen asıp ketpewi kerek» [3].

Haqıyqatında da, bilimlerdi ańlaw, bárinen burın, zárúrlikten baslanadı. Onıń dárejesi insannıń belgili bir maqset jolındaǵı is-háreketlerine tıǵız baylanıslı hám ol tiyisli nátiyjeni beredi.

Abu Rayxan Beruniy zat-qubılıslardıń mánisin biliwge baylanıslı barlıq máselelerdi tereń úyreniw zárúrligin uqtıradı. Bul arqalı adamlardı nadurıs jolǵa túsip qalıwdan sergek bolıwǵa shaqıradı. Ol kórgen, basqalardan esitken hám jazba dereklerde dizimge alınǵan xabarlardıń parıqlı táreplerin jaqsı túsiniw áhmiyetliligi haqqında bılay jazadı: «Talapshańlıq hám kóp shuǵıllanıw menen de yadtı bekkemlew múmkin». Oyshıldıń bul juwmaqlarında, sózsiz, biliwge umtılıw mánisi jámlengenin seziw qıyın emes [4].

**Metodologiya.** Ilimiy izertlew dawamında analiz, sintez sıyaqlı ilimiy izertlew hám de zamanagóy pedagogik usıllardı qollaw boyınsha metodologiyalardan paydalanıldı.

**Analiz hám nátiyjeler.** Mektepke tálim alıwǵa qádem qoyǵan balalar hár túrli rawajlanǵan, túrli ortalıqta tárbiyalanǵan boladı. Olarǵa tálim-tárbiya beriw, bárkamal áwlad etip tárbiyalawda bolsa oqıtıwshıda úlken izleniwsheńlikti, izbe-izlilikte tınımsız izertlewlerdi talap etedi. Tálim-tárbiyanıń sapasın jańa basqıshqa kóteriw talap etken halda oqıtıwshılarǵa úlken juwapkershilik hám wazıypalardı júkleydi. Bul wazıypalardıń eń tuńǵıshı nátiyjeli bolǵan sabaqlarda ǵana ámelge asırıladı. Solay eken hár kúngi hár bir sabaqtı balaǵa qızıqlı jáne túsinikli etip ótiw, jetkeriw oqıtıwshınıń eń baslı wazıypalarınıń biri bolıp sanaladı. Bala eń dáslep óz ana tilinde sóyleydi, pikirleydi, qabıllaydı. Sonlıqtan da bala eń dáslep óz ana tilin puqta meńgeriwi, onıń til birliklerin durıs úyrenip, orınlı qollana biliwge shınıqtırılıp barılıwı tiyis. Baslawısh klasslarda ana tilin oqıtıw orta mekteplerge qaraǵanda bir qansha ózgesheliklerge iye. Sebebi, baslawısh klasslarda til

haqqında baslanǵısh bilim alıw menen birge, sol ústinde kónligip baradı. Bilim beriw ámeliy xarakterge iye boladı.

Balawısh klassta ana tilin oqıtıw metodikası tiykarınan tórt bólimnen turadı.

**1. Sawat ashıw metodikası**, yaǵnıy elementar oqıw hám jazıwǵa úyretiw. Balalarda sawat ashıw pedagogika páninde ǵana emes, al sociallıq turmısta da júdá áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp esaplanadı.

**2. Ana tilin oqıtıw metodikası.** Baslawısh klasslarda oqıtıw metodikasınıń wazıypası balalardı tez (normada), durıs, ańlı hám kórkemlep tásirli oqıw kónlikpelerin rawajlandırıwdan ibarat.

**3. Grammatika hám orfografiyanı oqıtıw metodikası.** Bunda balalarǵa elementar durıs hám sulıw jazıwǵa úyretiwdi, gramatikalıq túsiniklerdi, baslanǵısh imla uqıplılıqların qáliplestiriwdi názerde tutadı.

**4. Oqıwshılardıń sóylewin rawajlandırıwdıń metodikası.** Baslawısh klasslarda bul bólim ayrıqsha orındı iyeleydi. Balalar eń dáslep tildi, sóylewdi oqıw predmeti sıpatında ańlaydı, olar qızıqqan nárselerdi ǵana emes, al zárúr nárse hám hádiyseler haqqında oylap, rejeli sóylew zárúrligin de túsinip baslaydı. Metodika balalardıń sóylewin bayıtıw, sintaksislik hám baylanıslı sóylewin ósiriwi hám támiyinlewi kerek. Jáne bir aytılatuǵın másele, bul bólim óz aldına bólim sıpatında úyrenilmeydi. Oqıwshıǵa baylanıslı sóylew elementleri mektepke tuńǵısh qádem qoyǵan kúnnen baslap oqıtıwshı tárepinen úyretilip barıwdı úlken itibarǵa alınatuǵın wazıypalardıń biri bolıp esaplanadı. Hár bir insannıń ómirinde ana tiliniń ornı girewli. Sol sebepten bala erteden óz ana tilinde anıq, tınıq, durıs, baylanıslı sóyley alıwǵa shınıqtırılıwı lazım. Bunday wazıypanı orınlawda ata-ana, baqsha tárbiyashısı menen bir qatarda baslawısh klass muǵalliminiń juwapkershiligi anaǵurlım joqarı hám salmaqlı boladı. Baslawısh klasslarda ana tilin oqıtıwda nátiyjelilikke erisip barıwda jáne bir basshılıqqa alıp otıratuǵın didaktikalıq principimiz – sistemalılıq hám izbe-izlik principi boladı. Til materialları sistemalılıqtı, izbe-izlikte oqıtıwdı talap etedi. Bul oqıwshılardıń durıs túsiniw tıyanaqlı bilim alıw, oǵan kónligip, sol ústinde hár qıylı ámeliy jumıs islewinde járdem etedi [5].

Elimizde bilimlendiriw tarawına úlken itibar qaratılıp atır. Solardıń bir dálili oqıw baǵdarlamaları, jańa áwlad sabaqlıqları baspadan shıǵarılmaqta, pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında oqıw barısınıń nátiyjeliligin asırıw maqsetinde, pedagogikalıq texnologiyalardan, xabar komunikaciya qurallarınan, interaktiv metodlardan paydalanılmaqta. Oqıwshılarǵa bilim beriw barısındaǵı ushırashatuǵın baslı mashqalalardıń biri bul oqıwshılarda bilim boslıqlarınıń kelip shıǵıwı bolıp esaplanadı. Bilim beriwdegi boslıqlar – bul oqıwshılar ózleriniń belgili bir basqıshında iye bolıwı kerek bolǵan nárselerdi úyrene almawına aytıladı [6].

Bunı oqıwshılar biliwi kerek bolǵan nárse hám de belgili bir waqıt ishinde biliwi ortasındaǵı boslıq sıpatında kóz aldıńızǵa keltiriwińiz múmkin. Bul boslıqlardı óz waqtında anıqlaw úlken áhmiyetke iye boladı. Bilim boslıǵın anıqlaw onıń ne ekenligin biliw, túsiniw oqıwshılar hám ata-analarǵa oqıwshılarda ótkerilip jiberilgen nárselerdi úyreniwge járdem beriw jolların tabıwǵa óz kómegin tiygizedi [7].

**Ne sebepten bilim boslıqları payda boladı?**

1. **Oqıtıw usılları:** ayırım waqıtları pándi belgili bir usılda oqıtıw hár bir oqıwshı ushın da jaqsı nátiyje bermewi múmkin. Máselen: kóbirek bayan etiw túsindiriwden ibarat bolǵan sabaq, ámelde kóriw yamasa ózi islep kóriw arqalı jaqsıraq úyrenetuǵın oqıwshılar ushın qıyın bolıwı múmkin.

2. **Social-ekonomikalıq sebepler**: oqıwshılardıń kelip shıǵıwı úlken rol atqarıwı múmkin. Resursları az bolǵan shańaraqlardıń balaları mektepten tısqarı qosımsha oqıw materialları yamasa járdem alıw imkaniyatlarınıń bolmawı sebepleri. Bul olardıń óz teńleslerinen artta qalıp ketiwine sebep bolıwı múmkin.

3. **Úyreniwdegi kemshilikler**: bazı bir oqıwshılarda ayırım temalardı túsiniwde qıyınshılıqlar, ózlestire almaw, túsine almaw kemshiligi bolıwı ushırasadı. Durıs járdem kórsetilmese, bul oqıwshılarda boslıqlar payda bolıwı múmkin.

**Bilim boslıqlarınıń kelip shıǵıwın qalay azaytıw múmkin?**

Hár bir jańa material úyrenilgende oqıwshılar túsinbegen jaǵdayda erkin soray alıw erkin ortalıqtı jarata alıw, oqıwshılardan sol kúngi úyrenilgen materialdı qalay ózlestirgenin anıqlawshı óz betishe tapsırmalar orınlatıw arqalı, úyrenilgen materialdı ózlestire almaǵan oqıwshılar menen individual (jeke) islesiw, ótilgen materialdı qayta túsindiriwde ilimiy sózlerden biraz sheklenip balaǵa óz tilinde ápiwayılastırıp, oyın túrinde jetkiziw.

Bala mektep bosaǵasın atlawdan-aq baslawısh klass muǵallimi úyrenip shıǵıwı tiyis bolǵan bir neshe wazıypalar bar: olardı jaqınnan úyrenip shıǵıwı ushın tómendegishe soraw-juwaplar menen sáwbetlesiw ótkiziwi múmkin.

1. Atıńız hám familiyańız qanday?
2. Shańaraqta qansha adam jasaydı?
3. Jasaw mánzilińdi bileseń be?
4. Dosların bar ma? Atların ayt.
5. Saǵan qaysı máwsim unaydı?
6. Úyde bos waqtıńda ne menen shıǵıllanasań?
7. Ata-anańa qanday kómek beresen?

Oqıtıwshı hár bir baladan jeke usıǵan uqsas sorawlardı beredi hám hár bir oqıwshı haqqında óziniń dáptershesine maǵlıwmatlardı jazıp baradı.

Ulıwma alǵanda, hárbir insan bilim alıwda eń dáslep óz ana tilin jaqsı meńgerip, sózlik qorı bayıtılsa, baylanıslı sóylewdi úyrense, tıyanaqlı pikirin jetkere alsa, bul bilimler menen basqa pánlerden de tereń túsinikke iye bolıwına sebeshi boladı. Balada usı aytılǵan bilim, kónlikpe uqıplılıqlar óz waqtında qáliplestirip barılsa ǵana bilim boslıqlarınıń payda bolıwınıń aldı alınǵan boladı. Bunday nátiyjege erisiw ushın, álbette, oqıtıwshı izleniwden, izertlewden toqtamastan, úzliksiz, uzaq hám dawamlı jumıs alıp barılǵanda ǵana nátiyjesin kóriwge boladı. Hár bir oqıtıwshı hár bir sabaǵın qalay ótiwi kerekligi haqqında joba dúziwden aldın sol jámááttiń yaǵnıy balalardıń qabıl ete alıw sheńberine say oqıtıw metodları hám kórgizbeli qurallardı durıs tańlap alınǵanda ǵana sol sabaq sapalı sabaq boladı.

**Juwmaq hám usınıslar.** Baslawısh klass oqıw sabaqlarında oqıwshılardıń oqıw-biliw motivaciyasın óz betinshe jumıslar arqalı qáliplestiriw boyınsha alıp barılǵan izleniwler tiykarında tómendegi juwmaqlarǵa kelindi:

1. Motivaciyalardıń rawajlanıwı oqıw sabaqlarında oqıwshılardıń oqıw procesi ushın maqset qoyıw, tiykarlaw hám olarǵa erisiw qábiletin rawajlandırıwǵa baylanıslı. Oqıtıwshı oqıwshılarǵa maqsetti belgilewdi, olardıń izbe-iz

sistema arqalı óz motivlerin ámelge asırıw qábiletin qáliplestiriwi kerek. Maqsettiń oqıwshı iskerligi menen baylanıslı individual háreketlerdi orınlawǵa qaratılǵanlıǵı oqıw iskerliginiń aralıq nátiyjesin ózinde jámleydi.

2. Oqıw-biliw motivaciyası bilimlerdi óz betinshe iyelew metodları, oqıw jumısların jetilistiriwdiń jańa hám ózin-ózi tárbiyalaw usılların aqılǵa muwapıq qollanıw arqalı payda boladı. Olar oqıw procesinde emocional qolaylı ortalıqtı jaratadı. Bunday ortalıqtıń bar ekenligi oqıw procesin tabıslı ámelge asırıw hám de oqıw-biliw motivaciyasınıń rawajlanıwında áhmiyetli orın tutadı.

3. Baslawısh mektep jasınan oqıwshılarda oqıw iskerligi ushın turaqlı motivaciyanı qáliplestiriwde oqıw materialınıń mazmunı, tárbiyalıq iskerlikti shólkemlestiriw, bilimlendiriw subektleriniń jámáátlik formaları, oqıw iskerligi hám onı bahalaw, oqıtıwshınıń pedagogikalıq iskerligi hám metodı processke tásir etiwshi tiykarǵı faktorlardan esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Boqiyeva H. Sifatni oʻrgatishda oʻquvchilar faolligini oshirish. // Boshlangʻich taʼlim. № 5, 2010. 18-19-b.

2. Ҳусанбоева Қ. Таҳлил – адабиётни англаш йўли. – Тошкент: «Muharrir», 2013.

3. Форобий Абу Наср. Фозил одамлар шаҳри. – Тошкент: Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти, 1993.

4. Абу Райҳон Беруний. Танланган асарлар. 1 том. – Тошкент: «Фан», 1968.

5. Qosimova K., Matchonov S., Yoʻldosheva Sh., Sariyev Sh. Boshlangʻich sinflarda ona tili oʻqitish metodikasi. –Toshkent: «Bayoz», 2024.

6. Uspanova J., Abdijabbarova X. Ana tili. 4-klass ushın sabaqlıq. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2020.

7. Abdinazimov Sh., Qutlımuratov B., Salieva P., Qutlımuratova G., Ismaylova Z. Ana tili hám oqıw sawatlıǵı. 2-klass ushın sabaqlıq. – Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2021.

**REZYUME.** Maqolada maktabga taʼlim olishga qadam qoʻygan bolalar, nima sababdan bilim boʻshliqlari paydo boʻladi va bilim boʻshliqlarining kelib chiqishini qanday kamaytirish mumkinligi haqida soʻz boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждается, почему у детей, только что поступивших в школу, возникают пробелы в знаниях, и как сократить их возникновение.

**SUMMARY.** This article discusses why children who have just entered school develop knowledge gaps and how to reduce their occurrence.